

***ANALISIS DIKSI TUR GAYA BASA DINA BIANTARA
PRESIDEN JOKOWI DI MAJLIS TAHUNAN MPR 2021 JADI
ALTERNATIF BAHAN AJAR.***

ku

HAULLA PUTRI MEDINA FATAH

NPM 195030049

RINGKESAN

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho diksi jeung gaya basa anu aya dina biantara présidén Jokowi dina Sidang Tahunan MPR 2021 ku cara nganalisis jeung ngamangpaatkeun hasil analisis ieu minangka alternatif pikeun nyiapkeun bahan ajar siswa kelas IX SMP/MTs. Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan déskriptif. Panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan anu ngadéskripsikeun hasil analisisna dina wangun narasi. Sumber data dina analisis ieu nyaéta vidéo pidato Présidén Jokowi dina Sidang Tahunan MPR 2021 sareng sababaraha suku pangrojong panalungtikan. Hasil analisis ieu ngawengku genep rupa diksi, genep rupa figuratif komparatif, tilu rupa basa figuratif kontradiktif, hiji gaya basa figuratif panyambung, jeung hiji gaya repetisi. Sacara umum biantara présidén Jokowi dina Sidang Tahunan MPR 2021 ngagunakeun diksi denotatif, perifrasis, prolepsis atawa antisipasi, klimaks, jeung paralelisme. Hasil analisis ieu tuluy disaluyukeun jeung pamarekan Kurikulum 2013 anu eusina Kompeténsi Dasar (KD) jeung Kompeténsi Inti (KI). Salian ti éta, disaluyukeun jeung kriteria bahan ajar anu dipeunteun dumasar kana aspek kabasaan, psikologi siswa, jeung kabaca. Saterusna, hasil analisis dijadikeun alternatif bahan ajar dina wangun modul nu digunakeun ku siswa kelas IX SMP/MTs dina pangajaran basa Indonésia dina Téks Biantara Persuasif.

Kecap konci: Analisis, diksi tur gaya basa, biantara, bahan ajar.